Каб. – 9 – 10

## АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКIЭ ОЛИМПИАДЭ

68 б.

## 9 КЛАСС

**1.** Пычыгъуэ *йэ* къэтпсэлъу, хьэрф *е* щатх псалъэхэр къэвгъуэти, щIэфтхъэ
*Дуней, епэр, чей, махуае, тире, елэн, тыкуэнтет, тебэ.*

3 б

**2.** Псалъэ лъабжьэм префикс пыувэныгъэкIэ къэхъуауэ, щапхъищ тхын:

а)________________________
б)________________________
в)________________________

**3.** Антоним, синоним зэхуэхъу псалъэхэр мы адыгэ псалъэжьым къыщокIуэ:

а) «Мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ»;
б) «Насыпыншэм, махъшэ тесми, хьэ къодзакъэ»;
в) «Ин жыIэ цIыкIу Iуатэщ»;
г) «Пэжыр хущхъуэщ, пцIыр щхъухьщ».

+ 13 б

3 б

**4.** НэгъуэщIыбзэм къыхэкIа псалъэхэр щIэтхъэн:

*Лъагъуныгъэ нэсым, пэжыгъэкIэ псыхьам зыри пэлъэщынукъым, жьыбгъэми, уэшхми, уэсми, зэманми яхуэмыпхъэх къуршу, сыт хуэдэ гуауэми бэлыхьми ар пэщIэтыфынущ.*

**5.** Псалъэухам хэт псалъэ къэс зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэр гуэтхэн:

*Уэсэпсыр* (щыIэцIэ) *жэщкIэ* наречие *уэру* наречие *къехыу* деепричастие *хуежьащи,* глагол *иджы* наречие *нартыхум* щыIэцIэ *псынщIэу* наречие *зреч* глагол.

3 б

**6.** Адыгэбзэ наречиехэм наречие къатокI

а) союз-суффикс *-и*-кIэ;
б) суффикс *-у* /*-уэ*-кIэ;
в) суффикс *-дэ*-кIэ;
г) суффикс *-рэ*-кIэ.

+ 14 б.

**7.** Мы псалъэухам хэт псалъэхэр зэкIэлъызыхь союзкIэ зэпхакъым:

а) Къуршхэри, мэзхэри, тафэхэри – псори нэщхъейхэт;
б) А жэщым щIылъэмрэ уафэмрэ щIэращIагъэкIэ зэхьэзэхуэ хуэдэт;
в) Е еша, е мыузыншэ – хъуауэ пфIощIыр щхьэх;
г) «Си адэм Хьэжым и шы IумпIэр иубыдащ икIи кърагъэпсыхащ.

3 б

**8.** Пкъыгъуэ нэхъыщхьитIри зиIэ псалъэухам лъабжьэ хуохъу:

а) подлежащэмрэ сказуемэмрэ;
б) прямой дополненэмрэ сказуемэмрэ;
в) определенэмрэ сказуемэмрэ;
г) обстоятельствэхэмрэ сказуемэмрэ.

3 б

**9.** Мы псалъэухам подлежащэ хэткъым:

а) Мусэ Мурат дежкIэ хуэму маплъэ;
б) Сэри сыджалъэу сетIысэхащ;
в) ГъуэгунапщIэм тет зы Iуащхьэ цIыкIу гуэрым сыдэкIуеящ;
г) Губгъуэм щыпсэу псэущхьэхэм я макъхэр дэнэкIи къыщыIурт.

3 б

3б

**10.** *Лабэрэ Псыжьрэ я тIуащIэм, гъуэгур зэхуэдитI щыхъум деж, къуэшхуэ гуэр щызэпрыдзащ.* Псалъэухам хэт «тIуащIэ» псалъэм и купщIэр гъэбелджылын псы ежэхитыым я зэхуаку дэлъ щIыр, «Псыжь» урысыбзэкIэ зэреджэр тхын Кубань.

**11.** Псалъэухам нэгъыщэхэр хэгъэувэжын: *Удзхэм, пщIанэхэм, мазэ лъандэрэ къемышха уэшхым зыхуагъэгусэ щIыкIэу, сабэм иуа я тхьэмпэ лалэхэр щIым траубгъуэрт.* 3б

**12.** Адыгэ джэгуакIуэхэм щыщу, узыщыгъуэзэхэм я цIэ-унэцIэ тхын:

а) Аныокъуэ Лаша

б) Абазэ Къамбот

в) Мыжей Сэхьид

г) Вышхъэ Шухьбэ

д) Сымашэ Къылышыкъуэ

5б

**13.** Къызэралъхурэ мы гъэм илъэси-115-рэ ирикъуащ

а) КIыщокъуэ Алим;

б) ЩоджэнцIыкIу Iэдэм;

в) ЩоджэнцIыкIу Алий; (○)

г) ЩоджэнцIыкIу Нурий.

3б

**14.** *Жынгызмэ и ныт фIыцIэжьыр*

*Адыгэм жьауэ хуэхъункъым,*

*Темыр лъашэ кърищгъэпс дыгъэкIи*

*Iуащхьэмахуэ уэсыр текIынкъым*.

Мы псалъэхэр зытхар ЩоджэнцIыкIу Алий.

3б

**15.** *Уэрэд щевгъэускIэ*

*Нэсу пкъырывгъэплъ:*

*Пшыналъэр бгъунлъэм,*

*Лъэпкъыр мэукIытэ* – псалъэхэр зейр Пашэ Бэчмырзэ

3б

**16.** Лироэпическэ жанрым и лIэужьыгъуэу, къызэраIуэтэж сюжет зиIэ усыгъэ IэдакъэщIэкI иным поэма йоджэ (терминыр дэтхэжын) 3б

68 б.

Проверила – Тауканова З. Ч.